# *АХУЫРГÆНÆДЖЫ ФÆЛТÆРДДЗИНАДÆЙ*

Алагиры 3-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Датиты Маринæйы** куысты фæлтæрддзинад.

**Темæ: «Ног ахуырадон технологитæ ирон æвзаг æмæ литературæйы урокты»**

## Ахуыргæнæджы фæлтæрддзинады тыххæй

Датиты Маринæ ныр 23 азы дæргъы кусы Алагиры 3-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ йемæ куырыхон, бирæзонаг, зæрдæхæлар адæм кæй уыд, уымæ гæсгæ йæ къухы бафтыд дзæвгар æнтыстытæ.

Ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ фыццаг фæлварæн куыст кæм райдыдтой, уыдонимæ уыд Маринæйы скъола дæр. Уымæ гæсгæ йæ арæх бахъуыд семинартæ цæттæ кæнын, куыд районы, афтæ республикæйы ахуырады хайæдты кусджытæн. Семинартæм цæттæгонд æрцыд дзæвгар уроктæ. Урокты технологон картæтæй бæрæг у, цавæр методтæ æмæ куысты хуызтæй пайда кодта ахуыргæнæг: мотивацион уавæр, проблемон уавæр саразын, критикон æмæ логикон хъуыдыкæнынад рæзын кæнын, хъазты технологи, къордты куыст, проектон куыст, хибарæй куыст, интерактивон фæйнæгыл куыст, рефлекси æмæ а.д.

***Фæлтæрддзинады актуалондзинад.*** Датиты Маринæйы куысты фæлтæрддзинад цымыдисаг у уымæй, æмæ дзы хъусдард кæй цæуы ног ахуырадон технологитæм. Уыдон та стыр ахъаз сты сывæллæтты интеллекты æмæ ныхасы рæзтмæ, сæ удварны хъомыладмæ, сфæлдыстадон æмæ критикон хъуыдыкæнынады рæзтмæ. Уыдонимæ баст у фæлтæрддзинады **ногдзинад** дæр.

### *Фæлтæрддзинады нысан æмæ хæстæ*

1. Ирон литературæйы урокты зонындзинæдтæм тырнындзинад гуырын кæнын æмæ йæ дарддæр дæр рæзын кæнын.
2. Ахуыры рæстæджы ног ахуырадон технологиты фæрцы скъоладзауæн сахуыркæнинаг æрмæг æмбарын кæнын. Æрмæг куыд æмбæрстгонд æрцыд, уый хæрзхъæддзинад сбæрæг кæнын.
3. Скъоладзауты зонгæ кæнын, информаци куыд райсын хъæуы, уыимæ.

Ног ахуырадон технологиты хыгъд цæуынц скъоладзауты кар, сæ индивидуалон – психологон хицæндзинæдтæ. Скъоладзау ахуыры процессы у

сæйраг архайæг, бар ын ис ахуыргæнæгимæ ахуырадон нысан сæвæрынмæ, ахуыры процесс бацæттæ кæнынмæ æмæ сæ куысты фæстиуджытæн анализ скæнынмæ. Ахæм иумæйаг архайды ахуыргæнæджы хæс у:

1) ахуырдзаутæн æмбæлгæ уавæртæ аразын ахуыры процессы архайынмæ, цæмæй алы скъоладзау дæр активонæй тырна зонындзинæдтæ райсынмæ;

2) аразын ахæм ахуырадон ситуацитæ, кæцыты рæза сывæллоны арæхстдзинад ахуыры проблемæтæ аиуварс кæнынмæ;

3) скъоладзауты зонгæ кæна, информаци куыд райсын хъæуы, уыимæ;

4) алы скъоладзауы дæр хибарæй кусынил æфтауа, хи хъуыдытæ йæм куыд æвзæра, афтæ.

Ранымад хæстæ æххæст кæнынмæ стыр æргом здахы Датиты Маринæ йæ куысты. Ирон æвзаг æмæ литературæмæ цымыдисдзинад рæзын кæнынæн, сфæлдыстадон кæсынад æмæ анализы арæхстдзинæдтæ райсынæн, литературон уацмысæй зонындзинæдтæй дарддæр ма æхцондзинад банкъарынæн, хибарæй куыстыл фæцалх кæнынæн Маринæ фаг æргом здахы ахæм ахуырадон технологитæм, куыд, проекты метод, проблемон ахуыры технологи, скъоладзаутæм критикон хъуыдыкæнынад рæзын кæныны технологи, ахуыры дискуссийы технологи, чысыл къордты кусыны технологи, коллективон ахуыры технологи, компьютерон технологитæ æмæ æндæртæ.

Дæнцæг. Литературæйы урок «Генийы аразгæ тых» (7 къласс).

I 

Уæ бон хорз! Цыма цавæр бон схоникkat сымах «хорз» ?

 

*Ахуыргæнæг.* Уæ разы дыууæ нывы: фыццаг нывы автор у Гюстав Курбе, дыккаджы - уырыссаг нывгæнæг Перов. Бакæсут сæм æмæ зæгъут, цы дзы æвдыст æрцыд, куыд уæм кæсы, ацы адæмы царды бирæ «хорз бонтæ» ис?

Дзуапп. Нывгæнджытæ нын равдыстой кусæг адæмы. Æрмæст сæ æддагбакастæй дæр ис бамбарын, æвадат уавæрты кæй цæрынц, уæззау куыст кæй кæнынц, сæ хъысмæт тæригъæддаг кæй у.

*Ахуыргæнæг*. Нывтæм-ма иу хатт бакæсу. Уæ зæрдыл уын, æнæмæнгæй, цавæрдæр нывлæууын кæнынц!?

Дзуапп. Мæ зæрдыл мын æрлæууын кодтой Хетæгкаты Къостайы конд ныв «Дурсæттæг сабитæ»

Абарæм ма французаг нывгæнæг Курбе, уырыссаг нывгæнæг Перовы æмæ Хетæгкаты Къостайы нывтæ






Иу хатт-ма бакæсут нывтæм, лæмбынæг байхъусут уе 'нкъарæнтæм æмæ зæгъут, цавæр хуызтæй сæ равдисиккат?

Дзуапп. Æз ме 'нкъарæнтæ равдисин сау, хъулон хуызтæй, æрмæст-ма дзы ранæй - рæтты ныууадзин урс бынæттæ. Уымæн æмæ мæ зæрдæйы ис ныфс: ацы адæмы цард, уæлдайдæр та сабиты, фидæны кæй фæхуыздæр уыдзæн.

*Ахуыргæнæг.* Куыд уæм кæсы, Къостайы кой абон канд йе 'мдзæвгæтæй нæ, фæлæ ма йæ нывтæй кæй райдыдтам, уый цæуыл дзурæг у? Цавæр нысан æвæрд уыдзæн нæ разы нæ абоны урочы. Уæ дзуаппыл уæ къордимæ ахъуыды кæнут (къордты куыст)

Дзуапп. Нæ ныхас абон, æвæццæгæн, уыдзæн Къостайы бирæвæрсыг курдиатыл.






1-аг къорд нын бамбарын кодта дзырд «гени»-йы нысаниуæг




Цы диссаг у, æвæдза, гени!.. Раст æлыгæй чи кусы, уый хуызæн. Æрвылбон мах нæ къæхты бын кæй кæнæм, цъыф кæй хонæм, уый курдиатджын къухты свæййы, фидæны ШЕДЕВР кæй схонæм! (Экраныл æрмдæсныты куыстытæ).



2-аг къорд та презентацийы фæрцы равдыста, удæй рæсугъд чи у, Хуыцауы комытæф кæмæ хæццæ кæны, уымæн йæ миддуне хъæздыг æмæ бирæфадатон кæй у, уый. Дæнцæгтæн райстой



Пифагор – гениалон математик, философ, олимпаг хъæзтыты архайæг.

Леонардо да Винчи – философ, номдзыд нывгæнæг, курдиатджын æрхъуыдыгæнæг (изобретатель - дзырдуатмæ).

А.П. Чехов – зындгонд дохтыр, номдзыд фыссæг, классик.

Абайты Васо – профессор, филолог, этимологон дзырдуаты автор, курдиатджын педагог.

Ӕмæ уыдоны æмрæнхъ – Хетæгкаты Къоста – мæгуыр адæмы сæрхъуызой, сæ бартыл, сæ фидæныл карз тохы чи бацыди; ирон адæмæн сæ сомыйы, сæ зæрдæбын арфæйы сæр. Поэты алæмæты зарджытæ æмæ сагъæстæн йæ Райгуырæн зæхх уыд суадон. Адæмон зарджытæ дæр дзы бирæтæ уымæн систы. Йе 'мдзæвгæтæ кæсгæйæ хъуыстыл зæлы музыка. Ӕвæццæгæн, Къостамæ композиторы тæваг дæр хæццæ кодта. Уый стыр аргъ кодта уырыссаг композитор П.И. Чайковскийæн.



Къордтæн лæвæрд æрцыд хæслæвæрдтæ. 1-аг æмæ 2-аг къорд базонгæ сты Къостайы цардæй цавæрдæр цаутимæ. Уæ хæс у, уыцы хабæрттæм гæсгæ раттын поэтæн чысыл характеристикæ, йæ уды миниуджытæ йын сбæрæг кæнын.

1-аг къорды  текст. «Чайковскийы мæлæты фæстæ, Пятигорсчы арæзт æрцыд йæ мысæн изæр. Уым уыд Къоста дæр,  каст йе'мдзæвгæтæ, уыцы изæрмæ скодта композиторы портрет дæр. Фæлæ уый фæстæ портрет цы фæци, уый нал рабæрæг… Хетæджы-фырт йæхæдæг дæр æнувыд уыд музыкалон аивадыл: фортепианойыл цагъта, зарыд, æрмæст кафгæ нæ кодта, йæ низы фæстæ къуылых кæй хаста, уымæ гæсгæ. Ӕрмæст иу хатт Ӕрыдоны иу мæгуыр чындзæхсæвмæ бафтыд, нал фæлæууыд æмæ симды ракафыд. Уалынджы дзыхъхълæуд фæкодта, кафæн фæзы… «Сæрдæй-зымæгæй гуыбыр тызмæгæй…» куы азæлыди, уæд… Ӕмæ зын бамбарæн уыд, фылдæр æй дисы цы бафтыдта: йæ æмдзæвгæйæ адæм зарæг кæй сарæзтой, æви цы диссаджы музыкæ зæлыд, æви йæ цавддурау фæкодта, йæ æмдзæвгæтæ адæмон зарджытæ кæй систы, уый фыццаг хатт куы бамбæрста…»

Дзуапп: Ацы хабæрттæ æвдисæн сты Къостайы сыгъдæг удæн.

Хетæджы-фырты сфæлдыстадон рæзты сæрмагонд бынат бацахста уырыссаг литературæ. Некрасовы поэмæ «Кому на Руси жить хорошо»-йы тæваг фæзынд Къостайы поэмæ «Кому живется весело»-йыл. Хæрз æнаив фæлгонцы дзы йæхи базыдта Терчы облæсты хицау инæлар-лейтинант Каханов. Нæ ныххатыр кодта Къостайæн ахæм æфхæрд. Йæ маст дзы систа уæлдайджынтæй. Йæ фæндæй 1-аг хатт хаст æрцыд Къоста Хъæрæсейы талынгдæр къуыммæ.

2-аг къорды текст. «Йæ Райгуырæн бæстæ, йæ адæмæй дард уæвгæйæ Къостайы зæрдæ рысти. Мæнæ куыд фыста Цæлыккаты Аннæмæ: «Положение мое не поддается описанию…  Я отрезан от всего… Смерть отца окончательно потрясла меня! Я почувствовал себя совершенно одиноким во всем огромном мире. У меня во всем мире не осталось ни одной паутинки, которая могла бы, хоть на секунду, удержать от любого рокового шага. Затем я несколько овладел собой и начал рассуждать

Молиться и любить.

Любя, страдать за всех!

Да, за всех! Это я поставил себе тогда целью жизни…»

Дзуапп: Фыстæгæй ис скæнын хатдзæг- Къоста йæ цард нывондæн кæй хаста йæ Ирæн, йæ адæмы сæраппонд.




«За ВАС я жизнь отдам!..» - ахæм уыд Къостайы царды позици. Хетæджы-фырты хи уды хъизæмæрттæ аныгуылдысты адæмы рысты…

«Я не стою любви, не смею любить,
Меня Родина ждет уже к бою.
Когда врага ее мне удастся сразить,
То не встретимся больше с тобою…»



Нæ баиу сты дыууæ уарзон уды, фæлæ Къоста æгъатырæй иста йæ маст йæ адæмы знæгтæй… Йæ фæрцы æфхæрд æрцыд Каханов – нал ын уыд бар æнаххос адæмы æфхæрынæн. Уый хыгъд паддзахы стъолмæ иу иннæйы фæдыл тахтысты рапорттæ. Мæнæ куыд бафыста уыцы рапорттæй иуыл паддзах : «Генерал-лейтенант Каханов компрометирует русскую власть на Кавказе, а г-на Хетагурова можно выслать за каждую его статью…»

Кæддæр-ма Чернышевскийы роман «Что делать?»-ыл паддзах йæ къухæй бафыста : «Не знаешь, Что делать? В Сибирь! Руду копать!»

1898 азы та ногæй хаст! Ныр та Херсонмæ… Абайты Васо мæнгæй нæ фыста : «У Пушкина был Бенкендорф, у Коста – Каханов.»



Хетæджы-фырт хорз зыдта æмæ уарзта уырыссаг классикæ. Уæлдай зæрдæбындæр ахаст æм уыд М.Ю. Лермонтовмæ, æвæццæгæн, сæ дыууæ дæр иунæг удтæ кæй уыдысты,уымæ гæсгæ. Къоста стыр курдиатæн аргъ кæнын базыдта.




3-аг къорды хæслæвæрд: Æмдзæвгæ «Перед памятником»-ы ссарын метафорæ æмæ эпитеттæ.

Дзуапп: Метафорæ - Мавзолей искусств, храм науки.

Эпитеттæ- мрачные скалы, вековые невзгоды, могучая лира… Уымæй уæлдай-ма дзы автор спайда кодта сидæнтæй, хъæрон хъуыдыйæдтæй. Уыдон иууылдæр дзурæг сты поэты стыр курдиатыл.

«…Уадз йæ фæндыры хъæлæс дæ кæмтты нæрæд, Æмæ 'вдадзыхос фестæд дæ рыстæн», -дзырдта поэт Лермонтовы цырты раз. Ацы рæнхъытæ систы нæ урочы эпиграф. Æмæ, куыд загътат, афтæмæй поэты сæйрагдæр нысан у, йæ адæмы хъизæмæрттæ æмæ зæрдæрыстæн æвдадзы хос уæвын. Кæддæр Къоста афтæ фыста: "Мою одинокую сиротскую душу приношу в жертву осетинскому народу; так мне диктует мой разум и мое сердце».

Фæйнæгыл, уæхæдæг хатдзæгтæн Къостайæн цы миниуджытæ сбæрæг кодтат, уыдон. Абарут-ма сæ дзырдуаты æмбарынæдтимæ.




Уæдæ цавæр иумæйаг хатдзæгмæ æрцыдыстæм ацы урочы?

Дзуапп: Къостайы нывтæ, æмдзæвгæтæ, æхсæнадон хъуыдæгтæ, фыстæджытæм æркæсгæйæ, махæн нæ бон у зæгъын, Хетæгкаты Къоста ГЕНИ кæй уыди, уый.

Ахуыргæнæг. Ныр та уын индивидуалон хæслæвæрд. Уæ разы скъуыддзæгтæ Къостайы æмдзæвгæтæй. Æркæсут сæм, æмæ уæ алчидæр равзарæд ахæм рæнхъытæ, кæцытæ, сымахмæ гæсгæ, ныффыстаид Сыгъдæг уды хицау, йæ уд йæ адæмæн нывондæн чи æрхаста, ахæм курдиатджын адæймаг – Гени.

Дзуаппытæ: Весь мир – мой храм…

Я счастия не знал, но я готов свободу…

Рагон нæртон лæгау..

Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин…

Абон мæхицæн хæсæн райстон Къостайы генион фæлгонц равдисын. Æмæ ма иу ххх йæ фæлгонцмæ – архивты баззад æвдисæнтæ, Хетæджы-фырт ма курдиатджын актер кæй уыд. Уый хъазыд Шиллеры пьеса «Абырджытæ»-йы , Толстойы пьеса «Иван Грозный»-йы. Йæ хъазт афтæ дæсны уыд, æмæ иу спектаклы рæстæг залæй сценæмæ кæсджытæй чидæр схызт æмæ Къостайы æнæдзургæйæ йæ хъæбысы ныккодта…



Къостайы цард стъалыйау цыбыр, фæлæ цæхæртæкалгæ уыд. Абон нæм уæларвæй кæсы, Хетæджы-фырты кадджын ном чи хæсы, уыцы стъалы. Æрттивы Къостайы стъалы, æмæ дзы рæвдыд ут, уæ цард уын тавæд йæ тынтæй, йæ курдиатæй та хайджын ут!

Нæ урочы мах сæйрагдæр сбæрæг кодтам, Ирыстон хæсджын кæй у Хетæджы-фыртæй. Фæлæ мæнæн рæдыдыл нымад уыдзæн, нæ гыццыл Алагирæн цы стыр лæвар ракодта Къоста, уый кой куы нæ скæнон, уæд. Сымахæн та «бузныг» зæгъын.

Тынг цымыдисаг рауад Маринæйæн йæ урок- хъазт дæр (ног ахуырадон технологитæм гæсгæ).




*Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Дыууæ къордæй хицæнгонд кæй æрцыдыстут, уымæ гæсгæ, æвæццæгæн, бамбæрстат, абон нæм хуымæтæг урок кæй нæ уыдзæн. Урочы райдайæны мæ хъæуы уе ххуыс. Бакæсут-ма фæйнæгмæ, ам æмбæхст ис дыууæ дзырды. Бафæлварут-ма сæ базонын.




- Куыд баст сты нæ урокимæ? Нæ урочы темæ? (Афæлгæст афæдзы дæргъы рацыд æрмæгыл)

- Нæ сæйраг нысан у сфæлхатын æмæ бафидар кæнын рацыд æрмæг.

- Ныр та уæ хонын алæмæтаг балцы. Дыууæ науы лæууынц цæттæйæ. Сымах та уыдзыстут наудзогтæ. Æппæты фыццаг уал наутæн нæмттæ раттын хъæуы (Скъоладзауты раз дамгъæтæ – саразын сæ дзырдтæ: Зондаби æмæ Зондыкъуыбар.)

- Ныр та равзарут капитанты.
- Уæдæ фæцæуæм нæ балцы. Цæмæй араст уæм, уый тыххæй уæ хъæуы сæххæст кæнын фыццаг хæслæвæрд.

Зондаби.

1. Иу адæмыхаттæн æрмæст сæ иу хай кæй дзурынц, уыцы дзырдтæ куыд хуыйнынц? (Диалектон дзырдтæ).

2. Цы хонæм дзырды бындур? (Дзырды хай æнæ кæронæй).

3. Æрхæссут дæнцæгтæ номдары дзырдарæзтæй:

- разæфтуаны руаджы
- фæсæфтуаны руаджы

Зондыкъуыбар.

1. Сæ нысаниуджытæ хæстæг кæмæн сты, ахæм дзырдтæ хонæм… (синонимтæ).

2. Æмуидаг дзыртæ сты…

3. Æрхæссут дæнцæгтæ миногонты дзырдарæзтæй:

- разæфтуаны руаджы
- фæсæфтуаны руаджы

Ахуыргæнæг: Нæ фæндаг нæ æрбахуыдта диссаджы рæсугъд **сакъадахмæ.** Нæ даргъ фæндагыл нæ хъæудзæн хæринаг дæр. Ам та зайы бирæ алыхуызон дыргътæ, зокъотæ. Фыццаг чи рахиза сакъадахмæ, уыдоны къухы бафтдзæн фылдæр сæмбырд кæнын. Уый та уыдзæн, фыццаг хæслæвæрд чи сæххæст кæна, уыцы къорд..

- Дыккаг хæслæвæрд. Раст æй куы сæххæст кæнат, уæд уын дзы рауайдзæн хъуыдыйад (Зонд ахуырæй æвзæры).

1. Хъуыдыйадæй рафыссын сæйрат. *Цыфæнды тыхыл зонд уæлахиз кæны.*

2. Хъуыдыйадæй рафыссын æххæстгæнæн. *Ахуырæй царды пайда кæнын хъæуы.*

3. Хъуыдыйады ссарын номдар.

*Æвзæры ничи уарзы.*

*Зонд ахуырæй æвзæры.*

- Мæхицæй иу балл дæттын, раст дзуапп чи радта ацы фарстæн: дзырд «æвзæры»-йы тыххæй цы у уæ бон зæгъын? (у омоним).

- Ходæн скодтам, æххормагæй нын тас нал у. Цæуæм дарддæр! Мæнæ нæ размæ фæци стыр къæдзæх! Цæмæй йæ алывæрсты æрзилат, уый тыххæй уæ хъæуы ацы таблицæ баххæст кæнын: миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ- зондджын адæймаг, куырыхон лæг, ирон адæм, уалдзыгон дымгæ, хъарм уылæн, тынг ирд дон, цъæх-цъæхид арв, хъæдын нау.

- Ныр та хонын алы командæйæ дæр фæйнæ æртæ скъоладзауы сфæлдыстадон ерысмæ. Ацы къæдзæхыл сæ ныууадздзыстæм 10 минутмæ, дыууæйæ фысдзысты чысыл нывæцæн сæ балцы тыххæй, спайда кæндзыстут лæвæрд дзырдбæстытæй. Иу та кæндзæн нывтекстмæ гæсгæ. Сымах æххуыс кæндзыстут уæ командæйæн баллтæ бакусынæн. Мах та цæуæм дарддæр.

- Нæ фæндаг нын æрæхгæдтой денджызон абырджытæ – пираттæ. Цалынмæ, дам, нын нæ хæслæвæрд нæ сæххæст кæнат, уæдмæ никæй ауадздзыстæм. Синонимтæй пайда кæнгæйæ хъæуы текст сраст кæнын: «Зонд ахуырæй æвзæры. Зонд цы адæймагмæ ис, уыцы адæймагæн царды æнцондæр у. Фылдæр чи ахуыр кæны, уыцы адæймагмæ фылдæр зонд вæййы».

- Цавæр ныхасы хæйттæ сты уæ синоноимтæ? (миногонтæ æмæ номивджытæ).

*Абырæг абырæг у*, сурыл уа æви денджызы. Сæ ныхасæн хицау нæ разындысты. Иу хæс-ма уын радтой. Музыкæмæ хъусгæйæ хъуамæ денджызимæ баст архайдтытæ кæнат. Кæй кафт фæцæуа сæ зæрдæмæ, уыдоны раздæр ауадздзысты.

- Уæ кафт ахæм тынг фæцыд сæйраг пираты зæрдæмæ, æмæ сфæнд кодта хорз митæ кæнын абонæй фæстæмæ. Мæнæ уал æрбахæццæ кодтой, къæдзæхыл цы наудзогты ныууагътам, уыдоны. Байхъусæм сæм.

- Ныр та æрцыд афон капитæнтæн сæ тых æмæ зонд равдисынæн. Æмдзæвгæйæ рафыссын хъæуы ныхасы хæйттæн дæнцæгтæ.

Номдар -

Миногон-

Номивæг-

Мивдисæг -

Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд (сидæн, æмхуызон уæнгтæ).



- Цалынмæ уæ капитантæ куыстыл æфтыд сты, уæдмæ акусæм иумæ. Денджызы уылæнтæ нæм æрбахастой бутылкæ фыстæгимæ. Æз æм бирæ фæкастæн, фæлæ йын ницы бамбæрстон. Æгæр бирæ рæдыдтæ дзы ис, хъæуы сæ сраст кæнын.



- Нæ балц кæронмæ æрхæццæ.

- Цалынмæ нæ жюри хатдзæгтæ кæна, уæдмæ мах рахиздзыстæм сурмæ мæнæ ацы асинтыл. Диссæгтæ, чидæр асинтæ дыууæ хайы фæкодта. Сæмбырд сæ кæнæм, уый тыххæй та хъæуы ссарын æмбисæндтæ дыккаг хæйттæ.

Дæ ныхасæн хицау у.

Райгуырæн бæстæ мадау адджын у.

Зивæггæнаджы гуыл хомæй баззад.

Уæззау дурыл рог дзырдтæй не схæцдзынæ.

Рефлекси. Абон фæдзырдтам денджызы рæсугъддзинады тыххæй. Хъыгагæн, махмæ хæстæг денджыз нæй. Фæлæ ныртæккæ мах нæхи ден-

джыз скæндзыстæм: мæнæ нæ аквариум кæсæгтæй саив кæндзыстæм. Кæд нæ абоны урок, уæ куыст урочы уæ зæрдæмæ фæцыд, уæд баныхасут хуызджын кæсæгтæ. Кæд дзы уæ зæрдæмæ цыдæр нæ фæцыд, уæ куыстæй райгонд не стут, уæд та баныхасут сау кæнæ урс кæсæгтæ.

Датиты Маринæйы куысты зынгæ бынат ахсы проектон куыст. Скъоладзаутæ проектон куыстытæ аразынц куыд уроктæм, афтæ алыхуызон иртасæн ерыстæм: «Зонады фидæн», «Ступень в Науку», «По ступенькам науки в будущее» æмæ а.д.

Бирæ уарзынц Маринæйы ахуырдзаутæ сфæлдыстадон проекттæ. Уымæн æмæ сфæлдыстадон цæстæй кæсы ахуыргæнæг дæр йæ æрвылбоны куысты алы хъуыддагмæ дæр. Фæнды нæ радзурын сфæлдыстадон проекттæй цалдæры тыххæй:

1. Хистæр кълæсты ахуырдзаутæ сæхи фыст сценаримæ гæсгæ систой киноныв, кæцыйы радзырдтой Къостайы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй. Рольты дæр хъазыдысты сывæллæттæ сæхæдæг. Абон кинонывæй пайда кæнын урокты. Иннæ къорд та горæты алыкары цæрджытæм раттой алыхуызон фæрстытæ:

- Чи уыд Къоста?
- Ирон адæмæн Къоста цы хæрзты бацыд?
- Сымах бинонты æхсæн Къостайы кой искуы вæййы?
- Къостайы сфæлдыстадæй цы хъуыды кæнут?

Ахуырдзаутæ æрцыдысты ахæм хатдзæгмæ: «Къоста нырыккон царды дæр рохуаты нæ баззад!»

2. Сфæлдыстадон проект «Æфсарм – амондмæ фæндаг».

1-аг этап. Сфæлдыстадон къорд, нæ хореографы разамындæй, кафты равдыстой, ргзаманты чызджы куыд рæвдз кодтой чындзæхсæвмæ, уый.

2-аг этап. Кафт баст æрцыд нырыккон фысджытæ æмæ поэтты сфæлдыстадимæ.

3-аг этап. Срæвдз музыкалон-этнографион-литературон композици «Æфсарм – амондмæ фæндаг!»

3. Проект-акци «Къоста – алкæй хæдзармæ дæр!»

1-аг этап. 4-5 кълæсты ахуырдзаутæн лæвæрд æрцыд хæс: ныффыссын нывæцæн-миниатюрæ «Къоста мæ царды»

2-аг этап. 8-9 кълæсты ахуырдзаутæ нывæцæнтæй равзæрстой зæрдæбындæр, зæрдæмæдзæугæдæр хъуыдыйæдтæ. Сарæзтой сæ хуызджын нывтæ.

3-аг этап. Фæндонмæ гæсгæ, скъоладзаутæ 14 октябры æрзылдысты горæты уынгты. Бакодтой сыфтæ хæдзæрттыл, æрлæууæнбынæтты, дуканитыл.

4-æм этап. 15 октябры уынгмæ рахизгæйæ, алкæй зæрдæйы къæсæрыл дæр «æрлæууыд» Къоста.

Стыр æргом здахы Датиты Маринæ фæсурокты куыстмæ дæр.

Фысджытимæ фембæлдтытæ, газетты кусджытимæ тынг цыбæл кæнынц ахуырдзауты. Иу хъуыддаг у бакæсын фыссæджы царды хабæрттæ,

фæлæ бынтон æндæр – фенын æй удæгасæй, фехъусын ын йæ хъæлæс. Зæгъæм, абоны 11-къласонтæн Джусойты Нафийы кой куы кодта, уæд тынг зæрдиагæй æрæмысыдысты, йæ 90 аз юбилей бæрæг кæнгæйæ Алагиры кæй уыд, уый. Йæ уацмысмæ дæр ын бынтон æндæр цæстæй ракастысты.

Алыхуызон бæрæгбæттæ алы сывæллонæн дæр фæвæййынц йæ курдиат равдисыны фадат. Зæгъæм, «Къостайы къуырийы» ацы аз иутæ кодтой нывтæ Къостайы уацмыстæм гæсгæ, иннæтæ равдыстой сæ проектон куыстытæ (Къостайы царды «æнæзонгæ» къуымтæ), хистæркъласонтæ фыстой Къостамæ: «Æз дыл куы сæмбæлин абон…», чидæртæ та сценæйыл сæ актерон курдиат æвдыстой.

Драмкъорды куыст дæр æнæмæнгхъуыддаг у Датиты Маринæйы куысты. Сывæллæтты сценæ ныфсджындæр кæны! Цы спектакль сæвæрынц, уый сценарий ахуырдзаутæ сæхæдæг ныффыссынц, бацархайынц æй цымыдисагдæрæй равдисыныл, скæнынц сæ равдыстæй хатдзæгтæ. Зæгъæм, «Ныхас нæ æрвылбоны царды хъæндзинæдтыл». Ссывæллæттæ сæ сæхæдæг раиртæстой æмæ сæ се мгæртты размæ худæджы хуызы рахастой.

Брейн-рингтæ, алыхуызон конкурстæн дæр сæ бынат Маринæйы ахуырадон процессы бæлвырд у. Зæгъæм.

Интеллектуалон хъазт брейн-ринг «Ирон дæснытæ»

***Уагæвæрд***

1. Хъазты нысан:

- скъоладзаутæм æвзæрын кæнын цымыдисдзинад Райгуырæн бæстæйы истори, географи æмæ литературæмæ;

- Ирыстоны культурæ, аивад æмæ историмæ бæрзонд æнкъарæнтæ гуырын кæнын.

2. Хъазты архайджытæ:

- брейн – рингы архайынц 9-10 кълæсты ахуырдзаутæ;

- командæ арæзт цæуы 5 скъоладзауæй;

- командæйæн хъуамæ уа ном, эмблемæ, девиз.

3. Хъазты уаг:

- хъазты уыцы иу рæстæг архайынц 4 командæйы;

- фарст лæвæрд цæуы иумæйаг, дзуапп радтыны бар хауы, фыццаг цæттæ чи уа, уыцы командæйæн;

- ахъуыды кæнынæн лæвæрд цæуы минут;

- раст дзуаппæн командæ бакусдзæн 1 балл, искæй дзуапп баххæст кæнынæн – 0,5;

- алы туры дæр лæвæрд цæуы 6 фарсты (+ 1 уæлæмхасæн фарст)

4. Хъазт арæзт цæуы:

1-аг тур – Ирыстоны истории:

- фæрстытæ баст сты ирон адæмы царды зынгæдæр цаутимæ X æнусæй XVIII æнусмæ (ирæтты дин, тæтæр-монголты ныббырст, Ирыстон æмæ Уæрæсейы баиу, Туркмæ алыгъд, Хъобаны культурæ, Ос-Бæгъатыр æмæ Къостайы нæмттимæ баст цаутæ…)

2-аг тур - Ирыстоны географ:.

3-аг тур - Литературæ (9-10 кълæсты æрмæг, Нарты каджытæ):

- ам алы командæ дæр цæттæ кæны фарст – Иу литературон хъайтарæн саразын дзургæ æрфыст, æнæ йæ ном зæгъгæйæ( иннæ командæ хъуамæ базона ном, уацмысы сæргонд, авторы).

4-æм тур - Капитанты ерыс:

- ерыс арæзт цæуы дзырд «фыццаг»-ы хронологон бындурыл (зæгъæм, кæд æмæ кæм рацыд мыхуыры фыццаг ирон чиныг).

Дадиты Маринæйы ахуырдзаутæ сты олимпиадæты, фæсурокты куысты, иртасæн куыстыты æмæ республикон конкурсты уæлахиздзаутæ. Уымæн æвдисæн сты ахуыргæнæг йæхæдæг цы кады гæххæттытæй хорзæхджынгонд æрцыд, уыдон дæр.

***Уалыты Т.И.,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы
кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг,
***Майрæмыхъуаты Ф.А.,***
АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы
кафедрæйы сæргълæууæг

***Литературæ:***

1. Гаппуаты Хъ. Грамматикон хъæзтытæ: Дзæуджыхъæу,- 1998.
2. Дзампаты Л.Г. Ирон æвзаджы методикæ райдайæн скъолайы. Дзæуджыхъæу: СЕМ-2015 - 216ф.
3. Майрæмыхъуаты Ф. Дидактикон æрмæг ныхасы рæзтыл кусынæн. Дзæуджыхъæу: СОИГСИ. - 2014
4. Селевко Г.К. Современные образовательные технологии: Учебное пособие. – М.: Народное образование, 2004г.
5.Никишина И.В. Инновационные педагогические технологии и организация учебно-воспитательного и методического процессов в школе. Издательство «Учитель», Волгоград, 2008.
6 Тимонина, В.Ю. Диалог о роли компьютера в преподавании русского языка / В.Ю.Тимонина, Л.А.Тростенцова // Русский язык в школе. – 2006. — №4. – С.14.
7. Колеченко А.К. Энциклопедия педагогических технологий: пособие для преподавателей. СПб.: КАРО, 2005. 368 с.